| ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ ҚАРОРИ | ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ҚАРАРЫ |
|---|---|
| Нукус шахри | Нөкис каласы |
| № 162 | « 3 » март 2018 й.ж |

**Шымбай районы «Қамыс арық» аўыл пуқаралар жыйыны (Қамыс арық массиви) аймағындағы районлық жер қоры майданларынан «DILNAZ-AYSANEM» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине аўыл хожалығы егинлерин егип жетистириў ушын жер майданларын 30 (отыз) жыл мүддетке ажыратып бериў ҳаққындағы Шымбай районы ҳәкиминиң 2017-жыл 20-декабрьдеги 1923-санлы шешимин тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Жер кодексиниң 5, 20, 23 ҳәм 24-статьяларына тийкарланып, “Ўздаверлойиҳа” МИЖИның Қарақалпақстан бөлими тәрепинен орынланған жойбар жумысларын, Шымбай районы ҳәкиминиң 2017-жыл 20-декабрьдеги 1923-санлы шешимин, Қарақалпақстан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлигиниң ҳәмде Жер ресурслары ҳәм мәмлекетлик кадастры басқармасының 2018-жыл 15-февральдағы жуўмағын инабатқа алып, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Шымбай районы «Қамыс арық» аўыл пуқаралар жыйыны (Қамыс арық массиви) аймағындағы районлық жер қоры майданларынан «DILNAZ-AYSANEM» жуўапкершилиги шекленген жәмийетине аўыл хожалығы егинлерин егип жетистириў ушын улыўма майданы 16,3 гектар, соннан, 15,4 жайлаў жерлер, 0,4 гектар жол шеллер асты жерлер ҳәм 0,5 гектар аўыл хожалығында пайдаланылмайтуғын басқа жер майданларын 30 (отыз) жыл мүддетке ажыратып бериў ҳаққындағы Шымбай районы ҳәкиминиң 2017-жыл 20-декабрьдеги 1923-санлы шешими тастыйықлансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик Салық басқармасына усы ажыратылған жер майданларына белгиленген тәртипте салық ҳәм басқада төлемлердиң өндирилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Жер ресурслары ҳәм мәмлекетлик кадастры басқармасы Шымбай районы ҳәкимлиги менен биргеликте мәмлекетлик жер есабатына тийисли өзгерислерди киргизсин.

4. Усы қарардың орынланыўын қадағалап барыў Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары С.Хожаметовке жүклensин.

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы** — **К.Сариев**